

Foto : David Klein



# SÒTÌ LAN RELÈVMAN POU PASE NAN DEVLOPMAN

RAPÒ ANYÈL  
2012-2013



FON  
POU REBATI  
AYITI



## KISA FRH LA YE?

Fon pou Rebati Ayiti (FRH) se yon fon fidisyè ki resevwa kontribisyon plizyè bayè, ki mobilize, fè kòordinasyon epi afekte yon finansman sou fòm don pou ede Plan Daksyon Gouvènman ayisyen an (GH) pou Redresman ak Devlopman Nasyonal. Nan mwa mas 2010, GH la te mande Asosyasyon pou Devlopman Entènasyonal (ADI) ki nan Bank Mondyal pou l vin Sekretarya ak Fidisyè Fon an.

► Elèv kap resevwa kit eskolè FRH finanse pou lane lekòl 2012-2013 la.  
**Pwojè Rekonstriksyon sektè Edikasyon**  
Koutwazi FRH

FRH la sanble kontribisyon bayè yo pou l founi finansman pou aktivite priyorite GH la mande epi Komite Pilotaj FRH la apwouve yo. Gen yon pwosesis baze sou prensip ak regleman pou apwouve finansman yo ak yon fason rapid pou trete demand yo ki mwens pase 1 milyon USD. FRH kapab finanse aktivite ki gen ladan yo sektè tankou enfrastrikti, sèvis, devlopman kominotè, lanviwònman, kreye travay ansanm ak apui bidjetè. Se youn oswa plizyè ajans degzekisyon k ap reyalize aktivite yo epi se youn Antite Patnè ki fè evalyasyon yo tankou Sosyete Entènasyonal Finans, Bank Entèamerikèn pou Devlopman, Nasyonzini osnon Bank Mondyal.

FRH anba direksyon yon Komite Pilotaj ki gen ala tèt li Minis Lekonomi ak Finans epi ki konpoze ak reprezantan GH yo (Minis Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn), bayè ki pi enpòtan yo, Antite Patnè yo, Fidisyè a, obsèvatè yo nan Sosyete Sivil Ayisyen an, Otorite lokal yo, Sektè Prive a, Dyaspora a ak ONG entènasyonal yo. Pandan twa premye lane yo, Komite Pilotaj la te reyini dis fwa pou decide kijan y ap fè alokasyon 274 milyon USD yo bay 17 aktivite rekonstriksyon epi mete sou kote prèske 100 milyon USD pou pwojè priyorite yo te deja idantifye

Sou baz bon jesyon yo te pratike nan lòt fon ki sèvi ak plizyè bayè pou relèvman ak rekonstriksyon, FRH ap fè jefò pou suiv prensip sila yo:

- **Lidèchip Gouvènman an** – estrikti direksyon an ak pwosesis pou apwouve sibvansyon yo, se Gouvènman ayisyen an ki dirije yo paske se li ki Prezidan mekanis FRH la;
- **Finansman estratejik** – resous FRH yo mete plis souplès nan bay yon finansman pou rekonstriksyon an ki pa disponib nan pami finansman ki rezève pou lòt sous yo;
- **Estanda** – FRH ansanm ak aktivite li yo ap mache nan menm lojik estanda entènasyonal yo ansanm ak bon pratik nan domèn enpòtan tankou jesyon lajan, apèl d'of, rediksyon lamizè, bòn gouvènans, konsèvasyon dirab anviwònman an, rapò byen balanse ant gason ak fi;
- **Kore kapasite yo ki la deja** – FRH ap chèche travay ak epi finanse pwogram ki egziste deja epi ki pote bonjan rezilta tankou pwogram k ap bati kapital sosyal la sa vle di atravè pwogram devlopman kote tout moun nan kominote yo rive patisipe, pwogram k ap pote alemye nan kapasite ministè ki konsène yo, reprezantan ak otorite lokal yo, biznis prive yo, ak ONG ki bay prèv yo kapab;
- **Bòn gouvènans** – FRH ak aktivite li yo ap ankouraje patisipasyon divès nivo nan Gouvènman an, sosyete sivil la, sektè prive a, dyaspora ak patnè pou devlopman yo an menm tan l ap ankouraje yon pwosesis rekonstriksyon ki fèt akèl epi ki gen bon fondman; epi tou,
- **Gesyon rapid epi ki bay bonjan rezilta** – FRH ap travay pou aktivite li yo fèt vit epi bay bon rezilta an menm tan l ap jere danje ki kapab gen konsekans sou bon kalite rezilta yo.



► Pak Jean-Marie Vincent, anvan e aprè pwojè a.

**Pwojè lojman ak rekonstriksyon katye Pòtoprens (PREKAD)**

*Koutwazi OIM ak FRH*

Nan moman ki sòti jiyè rive septanm 2012, nouvo Premye Minis ayisyen an te mande yon revizyon pwosedi FRH yo dekwa pou Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn (MPCE) vin tounen nouvo vizavi FRH la, menm jan tou revize fason yo apwouve sibvansyon yo. Nouvo pwosesis la mande twa faz pou voye demand finansman yo bay FRH la:

1. Moun ki t ap fè demand yo ap prezante yon Nòt Ekri sou Pwojè yo genyen (NCP) an pasan pa yon ajans Gouvènman an nan MPCE pou fè evalyasyon an ;
2. Premye Minis la ap chwazi pwopozisyon yo evalye a pou prezante yo devan Konsèy Minis yo;
3. Konsèy Minis yo ap apwouve demand finansman yo ki fèt bay FRH la epi y ap voye bay MPCE pou remèt yo bay Sekretarya FRH la ;

Annape yo te mete yon demach rasyonèl pou demand finansman yo k ap chèche apui bidjetè, kote Ministè Lekonomi ak Finans kapab prezante san chemen dekoupe yon demand bay Konsèy Minis yo.

Pandan dènye trimès 2012 lan, ajans gouvènmantal yo te travay ak Nasyonzini ansanm ak BID pou prepare yon douzèn NCP ki pou te jwen finansman nan men FRH. NCP sa yo se te MPCE ki te evalye yo epi se Premye Minis la ki te bay yo priyorite apre konsètasyon ak MPCE epi Ministè Finans. Nan dat 21 desanm 2012, Konsèy Minis yo te reyini epi decide prezante bay FRH yon demand 51 milyon USD pou finanse senk aktivite priyorite. Komite pilotaj FRH la te bay apwobasyon l tou pou restriktire twa pwojè nan lide pou yo sèvi pi byen ak lajan ki bay la pou kore priyorite Gouvènman ayisyen an genyen.

Pandan dezyèm mwatye lane fiskal la, FRH te konsantre l sou mwayen ki pi bon pou finansman priyorite gouvènmantal yo. Komite Pilotaj la decide rezève lòt fon an plis pou apui bidjetè a, epi Minis Finans la te pwomèt pou aktivite priyorite yo nou te site anvan sa pral finanse nan ka sa a ak bidjè gouvènmantal la. Konsa, antan Antite patnè, Bank Mondyal te fè operasyon pou bay lajan rive jouk 43 milyon USD pou apui bidjetè a (ladan gen 23 milyon USD cofinansman FRH). Sa vle di, apre yon moman difisil enstabilite, negosyasyon ak travay men nan men, FRH tounen.

an dat 21 desanm 2012, Konsèy Minis yo te reyini epi decide prezante bay FRH

## yon demand 51 milyon usd

pou finanse senk aktivite priyorite

## TWAZYÈM LANE OPERASYON YO

Pandan twazyèm lane operasyon yo, egzekisyon pwogram nan te rapouswiv nòmalman, ak dekesman an wos nan nivo pwojè yo, sòti nan 94 milyon USD nan lane 2010 rive 144 milyon USD an 2013, sa vle di yon pousantaj dekesman 56% lan nivo pwojè yo pou lane 2013. Ant premye ak twazyèm lane an, dekesman yo te monte 53% : sòti 15% nan total fon yo apwouve pandan premye lane a rive 56% nan total fon yo apwouve pandan twazyèm lane a. Nan pami 17 pwojè yo te apwouve yo pou yon valè total 274.1 milyon USD (ladan gen frè pou pwojè yo), yo te dekese tout lajan an pou sèt pwojè, nèf an egzekisyon (ladan gen twa yo restriktire), ak youn ki nan kouti. Nan moman y ap enprime rapò anyèl la, gen kat nouvo Nòt Ekri Pwojè pou FRH finance, ki te prezante bay Konsèy Minis yo. Aktivite nan pwojè yo ak wotè dekesman yo varye selon Antite patnè a. Pousantaj dekesman yo se 77% pou LONI, 43% pou Bank Mondyal, epi 14% pou BID.

Restriktirasyon twa pwojè yo te jwenn apwobasyon Komite Pilotaj la yon fason pou yo sèvi pi byen ak fon ki bay yo pou kore priyorite Gouvènman peyi D Ayiti défini yo. Restriktirasyon pwojè sa yo - pwojè pou Rebati Kay (65 milyon USD; Bank Mondyal), pwojè Fon pou Garanti Kredi Pasyèl (12.5 milyon USD; Bank Entèamerikèn Devlopman), ak pwojè pou Diminasyon Desas Natirèl nan Depatman Sid (14 milyon USD; Bank Entèamerikèn Devlopman) ta dwe ede yo akselere dekesman yo pou Bank Entèamerikèn Devlopman ak Bank Mondyal pandan lane k ap vini an.




94 milyon USD  
nan lane **2010**  
144 milyon USD  
nan lane **2013**

► Kay parasismik ak antisiklonik nan Mòn Èkil.  
**Pwojè 16/6**  
Koutwazi Nasyonzini

## REZILTA YO

Pou koulye a, pòtfev FRH la te divèsifye sou plan sektoryèl menm jan tou sou plan jeyografik nan reflekte kijan jefò rekonstriksyon an gen plizyè dimansyon ak divès kalite bezwen finansman. Kay ak apui bidjetè se de sektè ki pi enpòtan ki jwenn soutyen FRH ak finansman pou yon valè 120 milyon USD ak 74 milyon USD ki al jwenn chak sektè sa yo apa (sa ki reprezante an menm tan mwayen ki bay ak mwayen ki rete an rezèv).



FRH se yon sous enpòtan finansman pou demaraj epi ki gen valè ajoute nan sa ki regade leve de fon kofinansman ak divès lòt sous pou kore pi plis pwojè. Pou koulye a alokasyon 274 milyon USD FRH fè nan aktivite rekonstriksyon yo ta dwe rive yon finansman pwojè pou yon valè total 503 milyon USD. Sa vle di chak pwojè kofinanse an mwayen a wotè 45%. Ak 229 milyon USD an kofinansman, chak dola FRH vin bay prèske yon dola pou lòt resous an plis.

## LÒT LEVE DE FON AN PLIS

Non Pwojè a	Kontribisyon FRH (an milyon USD)	Valè Total Pwojè a (an milyon USD)	Lòt leve de Fon an plis (% valè total pwojè a)
(an milyon USD)	Valè Total Pwojè a	(an milyon USD)	Lòt leve de Fon an plis (% valè total pwojè a)
(an milyon USD)	Lòt leve de Fon an plis (% valè total pwojè a)	55	55%
Pwojè Jesyon Dekonb	16.95	16.95	0%
Rediksyon Risk Desas nan Depatman Sid	8	11	27%
Pwogram Devlopman Dirab nan Sidès peyi D Ayiti	8	12.55	36%
Ranfòse Kapasite pou Jere Risk Desas yo	2	2	0%
Demolisyon ak Leve Dekonb ak gwo Ekipman Lou	25	25	0%
Pwogram pou tabli you Fon Garanti Kredi pa moso - RESTRIKTIRE	12.5	35	64%
Rediksyon efè Desas Natirèl yo nan Depatman Sid - RESTRIKTIRE	14	34	59%
Rebati Sektè Ledikasyon an (1)	10	81	88%
Pwojè rebati kay ak katye nan Pòtoprens - RESTRIKTIRE	65	65	0%
Pwogram pou ede Rebati Kay ak katye yo	24.67	30.77	20%
Plan Prevansyon Tranblemandtè nan Gran Nò peyi D Ayiti	9.96	9.96	0%
Operasyon Apui Bidjetè patikilye	15	15	0%
16 Katye/6 Kan	30	51.5	42%
Devlopman Pwodiksyon ak Tretman Lèt nan peyi D Ayiti	2	2	0%
Rekonstriksyon Sektè Ledikasyon (2)	5	55	91%
<b>Lòt Fon an plis ki soti nan leve de fon</b>	<b>274.08</b>	<b>502.73</b>	<b>45%</b>

(% mwayen total pwojè a.)

Kokenn chen pòtfèy sa a te pèmèt aktivite FRH finanse yo rive bay rezilta enpòtan tankou :

- Fasilite plis pase 17,000 fanmi ki te nan 52 kan tounen nan katye kote yo t ap viv la;
- Fasilite reparasyon ak rebati kay pou 1640 fanmi;
- Deblaye 914,537 mètr kib dekonb nan katye ki lan vil yo;
- Bati ak repare 14abri pwovizwa pou pwoteje 2000 moun an plis kont move tan ak siklòn;
- Bese risk yo nan zòn ki ekspozè yo nan rebwaze 1300 ekta, nan pwoteje rivaj yo, nan konstwi kannal epi netwaye plis pase 30 km kannal;
- Bay 180,000 elèv nan jaden danfan ak klas primè ki soti nan 292 lekòl nan 10 depatman peyi a, kit skolè, liv ak infòm ;
- Kreye djòb pou 24,363 moun nan jesyon dekonb, konstriksyon ak travay pou bese risk desas yo ; epi,
- Kore sektè prive a pou l rive jwenn kredi pi fasil ak yon valè ajoute nan sektè agrikòl la.



Ekzanp konsèvasyon teren ak rebwazman nan Pòsali.

**Pwojè Rediksyon desas nan depatman Sid**

Koutwazi FRH

## LESON NOU APRANN

Pandan twazyèm lane operasyon li an, kominote FRH la te aprann osnon fin sèten sou leson sila yo:

- **Garanti dispozisyon yo te tounen nan « nòmal yo »** – te gen yon long pwosesis pou tout sektè yo rive mete yo dakò sou entegrasyon yon nouvo kontrepati ak lòt regleman, pwosesis sa a te vin debouche sou yon sistèm ki aplike pwosedi regilye yo an pasan pa enstitisyon Leta yo. Menm si pwosesis la te pi long pase aplikasyon dispozisyon nan kòmansman ak CIRH, li ta dwe vin fè kapasite GH la pi djanm menm jan tou lejitime ak apropriasyon demand finansman yo ki prezante bay FRH la.
- **Travay Antite patnè yo ap fè ede garanti fon depans pou bay bonjan rezilta** – Antite patnè FRH yo aplike regleman entènasyonal yo sou bon pratik nan jesyon lajan, nan fè apèl dòf, nan pwoteksyon anviwònman ak sosyete a, nan elaborasyon pwojè, ansanm ak suivi evalyasyon sou kijan yo sèvi ak finansman FRH la.
- **Yon estrikti ki pote bonjan rezilta ede bese depans administratif yo** – FRH la gen yon nivo depans total ki pi modere (mwens pase 5%) nan pami tout fon fidisyè a plizye bayè apre soukous -. Sa gen pou wè ak Antite patnè yo ki byen chita, yon Sekretarya ki pa gwo, yon Fidisyè k ap pote bon rezilta, menm jan tou gen yon separasyon aklè sou travay yo chak ap fè.
- **Preferans bayè yo mande fè antant** – Kote ki bon an: dèske bayè yo di kisa yo pito pou yo fè ak kontribisyon pa yo, sa rann yo pi konfyan ke fon FRH yo pral sèvi nan interè patikilye yo genyen. Ositou, sa ede apwobasyon kontribisyon FRH yo ki finanse ak kapital lajan bayè yo fèt pi fasil, epi konsa valè total finansman ki disponib pou FRH la te wose an puisans. Kote ki pa bon an : rezèv fon pou garanti preferans yo ap respekte, te bese nivo souplès ak disponibilite finansman FRH.
- **Yon estrikti pou gouvènans endepandan inestimab** – FRH te rive rapouswiv operasyon yo, malgré enstabilite, paske tou li genyen yon estrikti pou gouvènans ki endepandan. Konsa, alòske GH la te kòmanse aplike nouvo pwosedi ak dispozisyon sou kontrepati a, Komite pilotaj FRH la, Sekretarya li, Fidisyè li ansanm ak Antite patnè yo te kontinye ap fonksyone.

## MOMAN K AP VINI YO

Lane k ap vini an ap fè FRH mwatye wout depi yo te kreye li. Se yon bèl okazyon pou evalye kisa li reyalize epi tou chèche ki posibilite ki genyen pou pi douvan. Yon revizyon pral evalye kapasite FRH pou sèvi ak resous yo epi bay bonjan rezilta sou plan enpak devlopman ak randman operasyon yo, nan produi leson ak rekòmandasyon nan pwosesis la. Leson ak rekòmandasyon sa yo pral sèvi pou prepare yon evalyasyon pou lavni ak posibilite pou FRH pi douvan. Lan pwochen rapo anyèl FRH la, na va prezante yon ranmase egzèsis rezilta sila.



Travayè kap itilize debri resikle pou yo fè adoken.  
**Pwojè Demolisyon ak netwayaj debri.**

*Koutwazi FRH*



# Fon pou Rebati Ayiti

Fon pou Redrese, Rekonstwi ak Devlope Ayiti



**Sekretarya Fon pou Rebati Ayiti**  
**Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn**

387, route de Bourdon, Port-au-Prince

+ (509) 3798 0817

info@haitireconstructionfund.org

www.haitireconstructionfund.org

www.fondsdereconstructionhaiti.org

